

No. 350/FPBS.02.33/2007

**PALAKU DINA NOVEL *ASMARAMURKA JEUNG BEDOG SIRAJAPATI*
KARANGAN AHMAD BAKRI: INTERPRÉTASI PSIKOLOGI ÉKSISTÉNSIAL**

SKRIPSI

Disusun pikeun Nyumponan Saraf Ujian Sarjana Pendidikan



Ku

Adé Suarsa

020476

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**


2007

Ade Suarsa
020476

PALAKU DINA NOVEL ASMARAMURKA JEUNG BEDOG SI RAJAPATI
KARANGAN AHMAD BAKRI: INTERPRÉTASI PSIKOLOGI ÉKSISTÉNSIAL

Disaluyuan jeung disahkeun ku

Pangaping I



Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd.
NIP. 130 176 762

Pangaping II



Rétty Lenendes, S.Pd., M.Hum.
NIP. 132 240 457

Kauninga ku
Pupuhu Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni
Universitas Pendidikan Indonesia



Drs. Usep Kuswari, M.Pd.
NIP. 131 568 829

Hirup Anjeun:

ku Anjeun, keur Anjeun.

Nu tanggung jawabna taya lian ti Anjeun.

Kanggo Emih sinareng Bapa:


"Nuhun pisan welas asihna!"



PERNYATAAN

Dengan ini saya menyatakan, bahwa skripsi yang berjudul *Palaku dina Novel Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati: Interpretasi Psikologi Éksistensial* ini beserta seluruh isinya adalah benar-benar karya sendiri dan saya tidak melakukan penjiplakan atau pengutipan dengan cara-cara yang tidak sesuai dengan etika keilmuan yang berlaku dalam masyarakat keilmuan. Atas pernyataan ini, saya siap menanggung segala akibat/sangsi yang dijatuhkan kepada saya apabila kemudian dalam karya ini ditemukan adanya pelanggaran terhadap etika keilmuan, atau ada klaim dari pihak lain terhadap keaslian karya saya ini.

Bumi Siliwangi, Februari 2007
Yang membuat pernyataan,



Ade Suarsa
NIM. 020476



PANGANTEUR

Manusa mah mungguh darma wawayangan baé. Sagalana geus aya nu nangtukeun, sagalana ogé geus aya nu marengkeun. Manusa mah ukur bisa narékah bari tumamprak kana kaayaan nu bakal tumiba. Pon kitu deui kuring, ukur bisa ngajalanan, ukur bisa narékahan. Hakékatna mah aya di Nu Kawasa.

Jalan nu ku kuring disorang geusan nganggeuskeun ieu skripsi téh geuningan tarahal. Teu sirikna suku dijieun suku, pon kitu sirah dijieun sirah dina nyorang éta jajalaneun téh. Jol deui-jol deui pasualan téh. Rahuh wé mimindengna mah kuring téh. Tapi, ku alatan kayakinan nu kuat mah geuningan jalan sorangeun téh wekasan diliwatan. Sok sanajan teu pati mundel beubeunangan, saheulaanan mah kuring bisa narik napas panjang bari lungsé ngareureuhkeun kacapé balas nanjak, balas mudun, balas tikoséwad.

Najan sagalana kuring nu nangtukeun, tapi kuring moal jadi kuring mun taya nu marengan bari jeung mapagahan kuring salila ieu. Ku kituna, séwu nuhun laksa keti kabingahan dihaturkeun ka:

1. Gusti Alloh nu maparin poténsi pikir, rasa, jeung karsa ka diri kuring;
2. Emih jeung Bapa di pakusarakan, “ukur bisa sambung du’a Mih-Pa, muga-muga nu Kawasa nyandingkeun Anjeun duaan dina korsi gading gilang kancana di karajaan sawarga loka nu cenah éndahna kabina-bina, amin!”;
3. Bapa Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd. salaku Dosén Pangaping I kalawan logika-logika basajan nu nyaangan pipikiran. Katampi pisan, Pa!;
4. Ibu Rétty Isnéndés, S.Pd., M.Hum. salaku Dosén Pangaping II kalawan kagemetanana niténan tulisan kuring nu teu nyararambung. Bulan téh kudu siga di Pamarican, angger moncorong najan pangrobéda tutuluyan ngadatangan;

5. Bapa Drs. Usép Kuswari, M.Pd. salaku Ketua Jurusan Pendidikan Basa jeung Sastra Sunda UPI katut Bapa Drs. Dingding Haérudin, M.Pd. salaku Sekrétarisna,
6. Bapa-Ibu Dosén Jurusan Pendidikan Basa jeung Sastra Sunda UPI nu maparin kuring obor geusan nyaangan jalan sorangeun;
7. Staf Tata Usaha Jurusan Pendidikan Basa jeung Sastra Sunda UPI;
8. Hima Pensatrada, luang téh horéng lain wungkul tina daluang, tapi ogé tina baruang;
9. Kaka jeung Ceuceu katut kadang warga sakumna; welas asih téh milik urang saréréa;
10. Pun Alo; Aria, mudah-mudahan jadi bakal geusan mukakeun jalan kahirupan;
11. Batur ngariung boh dina senang boh dina kahariwang; Ananta G, Tarlando, Rizal Sabda, Tukang Combro Haneut, Ciwok, Aris MY, Dén Utis, Kohar, Iyong, Mamat, Rudi Sujarwo, Déni Lémbang, Éka, Mahyar, Néndi, Ivan AW. Nopita, Kamila, warga '02 sakumna, barudak reueus '03, katut adi-adi kelas ti 2003-2006. Pileuleuyan!
12. Guru Aloy jeung Si Geugeut-na, mudah-mudahan teu kabawa ku sakaba-kaba;
13. Guru-guru kuring boh di sakola boh disaluareunana;
14. Batur ulin ti keur leutik; Diangho, Rusnadi, Encu, Barudak HULDA FC, Bébén, Tio, jeung sakumna nu kungsi babarengan ngambah kahirupan;
15. Mata poé nu tutuluyan nyaangan kahirupan kuring, tur
16. Sakumna waruga nu tutuluyan néangan jati dirina salaku manusa.

Pamungkas, kasampurnaan ukur milik Mantenna. Manusa mah ukur hayang, ukur bisa narékahan, ukur bisa tumamprak kana kateusampurnaan. Ku kituna, pikeun ngadeukeutkeun kana kasampurnaan kritik jeung sarar kana ieu tulisan kacida dipiharepna. Malah mandar bisa silih aji kana diri, silih tanya kana waruga nu mudah-mudahan bisa jadi diri nu sampurna.

Bandung, 24 Pebruari 2007

Panyusun,

Adé Suarsa

